



**Homes and  
Community Renewal**

# **Fon Asistans pou mèt kay nan eta Nouyòk (NYS HAF)**

**Rezime bouyon pwopozisyon pou Trezòri Etazini**

**15 jen 2021**

## Apèsi Oryantasyon Trezòri a

---

- ❖ HAF te etabli kòm yon pati nan la [American Rescue Plan Act \(ARP\)](#) (Akt plan sekou ameriken) ki te vin an vigè nan mwa mas 2021. Nan mwa avril 2021, Trezò Etazini te pibliye [Oryantasyon](#) pwogram nan.
- ❖ Fon HAF ka sèvi pou ede mèt kay ki **riske pèdi kay yo/oswa deloje**. Pami itilizasyon elijib genyen (ansanm ak lòt) :
  - ❖ Peman aryere ak prensipal ipotèk
  - ❖ Peman aryere taks sou pwopriyete
  - ❖ Peman aryere asirans ak sèvis piblik
  - ❖ Peman aryere HOA/antretyen
- ❖ Aplikan elijib yo dwe nan sitiyasyon « **Difikilte finansye** » ki se yon rediksyon mezirab nan revni oswa ogmantasyon mezirab nan depans pou viv ki se rezilta pandemi coronavirus la.

## Apèsi Oryantasyon Trezòri a (swit)

- ❖ Trezori a bay Eta NY prèskwa 540 \$ milyon dola
  - ❖ Eta NY ka sèvi ak jiska 15 % nan lajan sa a pou depans administratif
  - ❖ Eta NY ka sèvi ak yon pòsyon nan lajan sa a pou soutni konsèy ak founisè sèvis legal sou kesyon lojman nan yon kapasite limite.
- ❖ Trezòri a egzije :
  - ❖ 60 % fon a prale pou ede mèt kay ki touche mwens pase revni medyàn la. Egzanp revni medyàn pou yon yon fanmi 3 moun :
    - ❖ NYC = 102 350 \$/ane.
    - ❖ Buffalo = 69 850 \$/ane.
    - ❖ Rochester = 68 750 \$/ane.
    - ❖ Albany = 87 300 \$/ane.
  - ❖ 40 % lajan prale pou ede « **moun ki sosyalman defavorize** » ki se moun ki te sibi prejije rasyal oswa etnik oswa sa yo ki kalifye selon 13 CFR 124.103(c) oubyen (d)
  - ❖ Tout fon yo pral ede mèt kay ki gen revni ki rive oswa mwens pase 150 % revni medyàn (AMI) zòn nan.

## Apèsi jèstyon pwogram nan

---

- ❖ HCR te mande Community Development Financial Institutions (CDFI - enstitisyon finansye pou devlopman kominotè) san bi likratif yo ki gen bonjan konesans ak eksperyans nan jere pwogram prevansyon reposesyon kay ak rediksyon pèt materyèl pou yo oumèt pwopozisyon.
- ❖ An repons a demann lan, twa CDFI te soumèt pwopozisyon.
- ❖ Komite seleksyon HCR la te inanim nan chwazi Dirab Sustainable Neighborhoods LLC (SN LLC). SN LLC se branch CDFI Center for New York City Neighborhoods, yon òganizasyon san bi likratif.

## Center for New York City Neighborhoods

---

- ❖ Center for New York City Neighborhoods te fonde an 2008 pou konbat yon kriz sezi kay nan men mèt kay. Yon inisyativ ki te kòmanse pandan kriz ipotèk la elaji pou l tounen yon ajans k ap founi tout kalite sèvis k ap sèvi mèt kay nan katye nan tout Eta New York.
- ❖ Depi yo lanse a yo jere plis pase 325 \$ milyon dola lajan leta ki sòti nan pwogram sibvansyon eta ak lokal ki gen rapò ak achte kay, pami yo pwogram NYS MAP la ; yon pwogram asistans pou mèt kay 100 \$ milyon dola sou tout eta ki te finanse ak lajan règleman jijman Pwokirè jeneral la pandan dènye kriz sezi kay la.
- ❖ HCR ak SN LLC pral enplike tou Homeowner Protection Program (HOPP - Pwogram pwoteksyon pou mèt kay), yon rezo founisè sèvis jiridik ak konsèye lojman pou ede mobilizasyon sou pwogram epi soutni moun k ap soumèt aplikasyon.

## Posesyon kay selon rejyon

- ❖ Gen prèske 4 milyon kay kote se mèt kay ki ret ladan atravè tout trach mache NY yo.
- ❖ Pousantaj pi piti posesyon kay se nan vil Nouyòk kote li rive 32,7 % epi pi gwo a se nan Long Island kote li 80,6 %. Sepandan, nan vil Nouyòk, 50 % mèt kay yo se fanmi ki pa blan.

Tablo 1: Pousantaj mèt kay ak posesyon kay selon REDC (tout ras/orijin ak fanmi ki pa blan)

REDC	Tout ras ak etnisite		Kay moun ki pa blan		
	Fanmi ki mèt kay yo	Pousantaj ki mèt kay yo	Fanmi ki mèt kay yo	% tout mèt kay	Pousantaj ki mèt kay yo
Rejyon kapital la	284 725	65,6 %	21 325	7,5 %	34,9 %
Mitan eta New York	207 751	67,8 %	13 549	6,5 %	35 %
Finger Lakes	330 050	67,9 %	31 210	9,5 %	36,6 %
Long Island	754 814	80,6 %	174 969	23,2 %	67,7 %
Mid-Hudson	538 278	65,8 %	117 368	21,8 %	45,2 %
Vale Mohawk	134 410	69,8 %	6 172	4,6 %	36,2 %
Lavil Nouyòk	1 034 637	32,7 %	517 389	50 %	26,5 %
North Country	110 306	68 %	4 122	3,7 %	38,6 %
Southern Tier	175 494	67,7 %	8 348	4,8 %	33,6 %
Lwès eta Nouyòk	387 337	66,7 %	35 405	9,1 %	35,9 %
Nan tout eta a	3 957 802	53,9 %	929 857	23,5 %	33,1 %

Sous : U.S. Census Bureau, American Community Survey (ACS) 5-Year Estimates 2015-2019, Summary Tables B25003, B25003H

## Aplikasyon potansyèl elijib yo

---

Selon analiz nou fè, gen senk (5) kalite mèt kay ki siman ap bezwen epi k ap elijib pou asistans :

- ❖ Mèt kay ki gen ipotèk, epi k ap rive nan fen yon plan ranbousman.
- ❖ Mèt kay ki gen ipotèk, ke yo pa t ofri yon plan ranbousman oswa ki rate okazyon sa a epi ki kounyè a gen gwo reta.
- ❖ Mèt kay ki pa gen ipotèk, men ki gen gwo reta sou taks, dlo ak asirans, pami yo moun ki te pran yon ipotèk envèse.
- ❖ Mèt kay ki viv nan kowoperativ oswa kondominyòm ki gen gwo reta sou frè asosyasyon mèt kay oswa frè antretyen.
- ❖ Mèt kay ki viv nan kominote kay prefabrike epi ki gen gwo reta sou prè pou kay yo oswa kontra enstalasyon yo.

## Aplikasyon potansyèl elijib yo

Done tan reyèl yo trè limite sou enpak finansyèl pandemi a sou fanmi yo, li fè sa difisil pou kalkile kantite aplikasyon potansyèl yo.

	Est. Fanmi ki kalifye akòz revni	Ka nan risk
Mèt kay ak ipotèk	1 020 000	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mèt kay ki nan fen plan ranbousman : ~6,4 % (done MAPD ki reprann nan ATL Fed, jan 2021)</li> <li>Mèt kay ak gwo reta : ~4,4 % (done MAPD ki reprann nan ATL Fed, jan 2021)</li> </ul>
Mèt kay ki pa gen ipotèk	900 000	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mèt kay ak gwo reta nan taks : ~1-2 % (selon done ak diskisyon ak pèseptè taks konte yo)</li> </ul>
Mèt kay nan kowoperativ ki gen kapital limitie	78 000	<ul style="list-style-type: none"> <li>~12,2 % (HCR modèl nan revni pèdi akòz COVID)</li> </ul>
Mèt kay nan kominote kay prefabrike	48 000	<ul style="list-style-type: none"> <li>~12,7 % (Modèl HCR pèt revni akòz COVID)</li> </ul>

\* Estimasyon fanmi ki kalifye akòz revni gen gen ladan fanmi  $\leq 100\%$  AMI + fanmi sosyalman defavorize 100-150% AMI



## Pwopozisyon pwogram NYS HAF

---

**Pwogram retablisman ipotèk/Rediksyon prensipal** : HCR pral bay asistans sou fòm yon prè padonab sou 5 an, san enterè, san amòtizasyon.

### Aplikan elijib yo :

Mèt kay ki nan fen yon plan ranbousman ak mèt kay ki gen gwo reta sou ipotèk yo paske yo « pa t elijib » oswa yo te « rate » opsyon pou yo ale enskri nan yon plan ranbousman.

### Kalifikasyon ak sibvansyon maksimòm :

- Aplikan ki kalifye ka mande kantite lajan ki nesèsè pou rive nan yon modifikasyon abòdab oswa peye aryere ipotèk si yon rediksyon nan revni fè peman mansyèl lojman yo vin inaksesibl. Asistans la pa p depase limit 50 000 \$ pwogram nan. Asistans elijab la gen ladan prensipal, enterè, taks, asirans, frè HOA yo ak lòt depans pou lojman.
- Aplikan ki elijib yo dwe riske pèdi kay yo, epi san okenn lòt opsyon ranbousman rezonab ak abòdab, epi demontre yon kapasite nan lavni pou peye depans lojman yo.

## Pwopozisyon pwogram NYS HAF (swit)

---

**Pwogram peman aryere** : HCR pral bay asistans sou fòm yon prè padonab sou 5 an, san enterè, san amòtizasyon.

### **Aplikasyon elijib yo :**

- Mèt kay ki pa gen yon ipotèk epi ki gen gwo reta sou taks, dlo, ak peman asirans yo, pami yo granmoun aje ki gen ipotèk envèse.
- Mèt kay nan kowoperativ oswa kondominyòm ki gen gwo aryere nan frè HOA/antretyen.
- Mèt kay prefabrike ki gen gwo reta sou prè kay yo oswa kontra enstalasyon yo.

### **Kalifikasyon ak sibvansyon maksimòm :**

- Aplikasyon ki kalifye ka aplike pou kantite lajan ki egal ak aryere yo dwe a, san depase limit 50 000 \$ pwogram nan.
- Aplikasyon ki elijib yo dwe riske pèdi kay yo, epi san okenn lòt opsyon ranbousman rezonab ak abòdab, epi demontre yon kapasite nan lavni pou peye depans lojman yo.

## Pwopozisyon pwogram NYS HAF (swit)

---

**Pwogram peman davans** : HCR pral mobilize lajan HAF ak lajan CDBG-CV pou pwogram sa a.

### Aplikan elijib yo :


Mèt kay ki pap travay oswa ap travay epi mal touche anpil ki kalifye pou youn nan pwogram NYS HAF ( - Pwogram retablisman ipotèk/rediksyon prensipal oswa Pwogram peman aryere).

### Kalifikasyon ak sibvansyon maksimòm :

- Aplikan elijib dwe te gen revni anvan pandemi a ki te egal oswa pi piti pase 80 % AMI an.
- Aplikan yo kapab kalifye pou yon retablisman ipotèk/rediksyon prensipal epi/oswa peman aryere pou jiska 6 mwa peman lojman potansyèl.
- Lajan HAF k ap sèv itilize pou peye aryere yo pa ka depase limit 50 000 \$pwogram nan, epi limit lajan CDBG yo se 6 peman mansyèl potansyèl konsekitif (selon règleman federal yo).

## Metòd pou sible aplikan priyoritè yo

- Selon done HMDA, zòn HCR klase yo kote pifò moun ki t ap achtè kay nan ane jis anvan pandemi a te gen revni ki te egal oswa pi piti pase medyàn epi te gen majorite Endividi sosyalman defavorize ki te gen revni egal oswa pi piti pase 150 % AMI yo.
- Dapre done sou pèfòmans prè yo, nou te idantifye zòn kote pousantaj plan peman ipotèk ak gwo reta peman yo te dispwopòsyonèl (>10 %)
- Rezilta : sou ~2 100 zòn resansman ki klase revni ba/sosyalman defavorize, 860 (40,3 %) nan kòd reyonal ki gen pousantaj ipotèk ak plan ranbousman elve.



## Metòd pou sible aplikan elijib yo (swit)

---

Pral gen mobilizasyon sible ki pral fèt ak popilasyon sa a yo, avèk metòd sila yo :

- ❖ **Sèvis jiridik ak konseye lojman/HOPP**
  - ❖ Anime klinik « pòtlouvri » kote mèt kay ka rankontre ak yon konseye oswa yon avoka ki pral wè si dosye yo kalifye.
  - ❖ Anime « jounen tribinal » kote konseye fè konsiltasyon pou mèt kay.
- ❖ **Medya peye ak repriz**
  - ❖ Reklam peye ( radyo, televizyon, ak jounal an angle ak lang LEP pi prezan yo)
  - ❖ Lansman mobilizasyon, ki gen ladan medya sosyal, motè rechèch/mo kle piblisite, ak lòt estrateji web
- ❖ **Mobilizasyon de baz**
  - ❖ Fè prezantasyon nan sant kominotè, enstitisyon relijye, ak lòt ensitasyon katye sible.
  - ❖ Fè mobilizasyon pòtapòt nan zòn nan kote aksè sèvis entènèt yo limite.
  - ❖ Ogmante edikasyon ak pwogram konsyantizasyon pami « premye referans »—lidè lokal respekte ki aktif nan kominote sible yo epi jeneral se premye moun manm kominote konsilte lè yo nan bezwen.
- ❖ **Transparans ak kominikasyon kontini**
  - ❖ Mete resous ak anplwaye sou liy telefòn, sit entènèt ak kontak imel miltileng.
  - ❖ Enfòmè eli lokal, etatik, ak federal yo ak anplwaye yo, sitou so elektè yo gen revni ba epi se moun ki pa blan.

## Soumisyon aplikasyon

---

- ❖ Resepsyon aplikasyon yo ap fè nan pòtay sou entènèt, ki pral aksesib 24/7 pou yon tan limite, men sifizan. Mizajou sou peryòd aplikasyon pral poste sou [hcr.ny.gov/homeowners](https://hcr.ny.gov/homeowners).
- ❖ Ap gen posibilite refer mèt kay ki vle aplike avèk asistans yon konseye lojman oswa founisè sèvis jiridik ki nan rezo HOPP.
- ❖ Pou mèt kay ki gen aksè entènèt limite, aplikan yo ka aplike nan telefòn avèk asistans òganizasyon HOPP oubyen anplwaye pwogram SN LLC yo.
- ❖ Ap resous ak anplwaye sou yon liy apel fonksyonèl pou mèt kay yo rele oswa imèl pou asistans nan soumisyon aplikasyon.

## Kalandriye lansman

---

**15 jen:** HCR pibliye bwouyon Plan evalyasyon bezwen yo (Plan an) pou kòmantè piblik.  
[hcr.ny.gov/homeowners](http://hcr.ny.gov/homeowners)

**15 - 25 jen :** HCR anime yon seri de webinè ak moun ak pati prenan pami yo manm lejislati eta a, delegasyon kongrè a, defansè mèt kay epi lidè yo ki aktif nan kominote ki gen konsantrasyon Endividi sosyalman defavorize epi mèt kay ki gen revni ba.

**23 jen, 5:30pm:** HCR anime yon Odyans piblik ki bay yon apèsi Plan an.

**30 jen:** HCR soumèt Plan an bay Trezòri a

**jiyè - mitan mwa out:** HCR ak SN LLC prepare pèsònèl, liy telfòn, pòtay entènèt, règleman ak pwosedi ak materyèl maketing.

**Kòmansman septanm :** Selon apwobasyon final Trezòri Etazini, SN LLC pral kòmanse aksepte aplikasyon.